



# PLANIFIKASYON KANPIS SHATTUCK LA

Reyinyon Kominotè 3

25 jen 2019



Biwo Egzekitif  
Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal



# Ajanda Reyinyon kominotè 3

---



**Byenveni ak entwodiksyon**



**Apèsi : Objektif, Pwosesis, Bezwen, Vizyon ak Prensip**



**Seyans an Gwoup**



**Regwoupe, rezime, ak pwochen etap yo**



**Bay remèsiman epi sispann reyinyon an**

# Objektif reyinyon an

---

1. Patisipan yo pral konprann objektif planifikasyon yo, pwoesis la jiska kounye a, bezwen ki idantifye, Vizyon pou Kanpis la ak Prensip Planifikasyon yo ;
2. Patisipan yo pral konprann kijan Plan Kanpis la pral bay yo enfòmasyon sou pwochen etap yo pou reyamenajman Kanpis Shattuck la ;
3. Patisipan yo pral gen yon okazyon pou bay remak yo konsènan sa ki nan Plan an
  - Vizyon pou novo Kanpis Shattuck la
  - Prensip Debaz yo
  - Objektif Konsepsyon an



# Objektif Planifikasyon

## Bay plan Commonwealth la pou itilize Kanpis Shattuck la pi devan :

Asire **deranjman an minim lè pou bay sèvis prensipal yo ofri nan Kanpis la epi yo pral kontinye itilize Kanpis la pou objektif Depatman Sante Piblik Eta a.**

Jistifye, epi konfòme ak, amenajman yo pwopoze pou yon minimòm **75 a 100 lojman sipòtif** sou sit la.

Rekòmandasyon yo ap bezwen fezab sou plan ekonomik.

Angaje diferan kalite **moun ki konsène nan kominate a pou bay rekòmandasyon ki pral bay avantaj zòn awazinant yo, ansam ak Vil la ak Commonwealth la.**

Bay **fleksibilite ki nesesè** pou Commonwealth la nan pwochen faz egzekisyon pwojè a.

**Commonwealth la pral itilize rekòmandasyon ki soti nan Plan Kanpis la pou prezante enfòmasyon nan Demann pou Pwopozisyon yo pral bay pou jwenn patnè prive / pwomotè pou sit la.**



# Plan Jeneral la

---

Yon plan ki detaye vizyon tout moun alawonbadè pou pwochen Kanpis Shattuck la ki konsidere :

- Bezwèn yo idantifye pou sante ak sèvis
- Modèl pwogram ak sèvis yo rekòmande
- Prensip debaz yo
- Objektif pou konsepsyon an

Plan an pral bay Commonwealth la enfòmasyon pandan I ap devlope yon Demann pou Pwopozisyon pou yon patnè kapab reyamenaje Kanpis la.



# Itilizasyon kanpis lopital Shattuck kounye a

## Sèvis lopital yo ki pral deplase nan South End :

- Sèvis pou pasyan ki entène ak pasyan ki pa entène DPH ap jere avèk DMH ak DOC.

## Pwogram ki p ap deplase yo :

- LARC
- High Point
- Andrew House (Batiman Andrew a)
- Women's Hope (Espwa fanm yo)
- Sant resous swen sante a
- Obèj Pine Street la
- Klinik sante mantal Gill la



# Apèsi sou pèspektiv yo

## Swen sante

- Sèvis ki nan kanpis la dwe entegre ak kominote a.
- Sipò nan bezwen pou toksikomani, sante mantal ak swen sante.

## Espas ouvè / konektivite

- Entegre pwopriyete Shattuck la ak plas publik Franklin an.
- Kreye espas pou moun reyini.
- Renmèt yon pati oswa tout pwopriyete a bay plas publik la.
- Kanpis la izole lè pa gen bon aksè pou pyeton / transpò komen.

## Sante Konpòtmantal (sante mantal ak toksikomani)

- Diferan nivo tretman pou toksikomani ak sèvis rekiperasyon.
- Lojman sipòtif alontèm pou moun k ap rekipere yo

## Pèspektiv Kominote a

- Angaje vwazen ki toupre plas publik Franklin yo.
- Minimize enpak pakin yo.
- Konsidere pwogramasyon ki pral sèvi tout kominote a

## Lojman


- Bay moun ki te sanzabri yo lojman sipòtif ak lojman abòdab.
- Bati plis lojman abòdab nan Kanpis la.

# Devlope yon vizyon inifye

Kreye yon vizyon pou  
Kanpis la ak prensip  
debaz ki pral konsidere  
tou pèspektiv sa yo epi  
satisfè objektif  
planifikasyon yo.



# Pwosesis ak Kalandriye Planifikasyon Kanpis Shattuck la



## Pwosesis Kominotè

Sèt (7) reyinyon komite konsèy kominote a

Bezwen sante ak evalyasyon sèvis yo  
-Diskisyon ak òganizasyon k ap bay sèvis kounye a

-Manm kominote a  
-Analiz done segondè

Demann pou enfòmasyon

Finalize plan kanpis la




# Planifikasyon Kanpis Shattuck la : Apèsi sou pwoesis angajman kominote a

## 26 septanm 2018 : Vizyalizasyon

- Egzaminen done sante preliminè yo
- Envite kominote a pou konsidere pèspektiv diferan yo : Sante mantal ak fizik ; estabilite lojman ; espas ouvè ak konektivite ; sèvis sipò ak rekiperasyon ; pèspektiv vwazinay yo
- Chak tablo devlope yon vizyon pou Kanpis la

**Rezulta :** Identife kèk tèm santral pou gide ak pwoesis la  
– Integrasyon ;  
--Kontinye bay sèvis pou toksikomani ak sante mantal ;  
--Bay opsyon pou lojman sipòtif ;  
--Amelyore aksè nan Kanpis la.




# Planifikasyon Kanpis Shattuck la: Apèsi sou pwosesis angajman kominote a

**16 janvye 2019 : Konprann opsyon nan pwogramasyon ak sit yo**

- Bay yon apèsi sou bezwen pou pwogramasyon ak sèvis ki gen pou wè ak sante (sèvis lojman sipòtif, sante mantal ak toksikomani, sipò global, lòt pwogramasyon kominotè, èspas ouvè)
- Sèvi ak tèm kle ki nan CM #2 ak done bezwen pou sante yo pou dekouvri relasyon ant biling yo ak espas ouvè yo, konsidere integrasyon ak plas piblik Franklin epi distans li ak Morton Street ak vwazinay yo.


**Rezulta:** Afime sipò pou lojman sipòtif, pwogramasyon sante konpòtmantal ak swen sante, gid konsepsyon k ap parèt pou sit la ak zòn avwazinant yo



# Planifikasyon Kanpis Shattuck la : Apèsi sou pwoesis angajman kominote a

**25 jen 2019 : Reyakson sou vizyon an, prensip debaz yo, ak objektif pou konsepsyon an**

- Grasa pwoesis angajman kominote a, nou te devlope :
  - Yon vizyon santral kanpis la, ki gen yon modèl pwogram/sèvis ladan
  - Prensip debaz yo
  - Objektif pou konsepsyon an
- Kreye pou sanble reyakson sou eleman sa yo ki nan plan kanpis la



**Rezulta nou atann :** Prensip ak objektif pou konsepsyon ki byen rafine pou plan jeneral la pou gide pwoesis demann pou pwopozisyon an

# Rezulta sou bezwen sante yo ak evalyasyon sèvis yo


## SÈVIS SANTE KONPÒTMANTAL YO BAY KOUNYE

A (SANTE MANTAL AK TOKSIKOMANI) NAN

KANPIS SHATTUCK ENPÒTAN ANPIL POU

DOMÈN SANTE PIBLIK REJYON AN


- Plizyè milye kliyan, sitou sa ki gen bezwen medikal, sante konpòtmantal ak lojman yo, resevwa sèvis nan kanpis Shattuck la chak ane.
- Kalite pwogram sa yo ka diminye depans pou sosyete a pandan y ap amelyore sante ak byennèt.
- Amenajman ki gen pou fèt pi devan yo dwe gen deranjman ki minim lè pou site bay sèvis prensipal yo ofri nan kanpis Shattuck la.
- Li difisil pou jwenn espas pou mete kalite sèvis sa yo nan yon pèspektiv depans / teren.



# Rezulta sou bezwen sante yo ak evalyasyon sèvis yo

**KANTITE MOUN KI GEN PWOBLÈM  
TOKSIKOMANI ANSANM AK MALADI SANTE  
MANTAL YO AP OGMANTE.**


- Onz poustan rezidan Boston yo gen pwoblèm toksikomani (substance use disorder, SUD).
- Souvan moun gen pwoblèm SUD ak pwoblèm sante mantal yo an menm tan ; plis pase mwatye nan kliyan sèvis toksikomani DPH yo te di yo resevwa tretman pou sante mantal deja.
- Yo estime toksikomani koute sosyete a 422 milya dola chak ane nan depans pou swen sante, pwodiktivite ki pèdi, ak depans nan jistis penal.



# Rezulta sou bezwen sante yo ak evalyasyon sèvis yo

## SISTÈM KI GENYEN KOUNYE A PA KONSANTRE SOU MOUN EPI YO DIFISIL POU NAVIGE


- Sistèm sante konpòtmantal la pa entegre ak rès sistèm swen sante a, ki fè tretman ki santre sou moun yo yon gwo defi.
- Moun yo bezwen tann yon pakèt tan pou jwenn tretman pou pwoblèm sante mantal ak SUD pou pasyan ki pa entène, kèlkeswa kalite asirans yo genyen.
- Yo pa bay ase modalite tretman ki baze sou prèv, tankou tretman yo konplete ak medikaman.



# Rezulta sou bezwen sante yo ak evalyasyon sèvis yo

## AKSÈ NAN LOJMAN ESTAB, ABÒDAB, AK SAN DANJE ENPÒTAN POU SANTE


- Kat (4) chemen makonnen lojman ak sante ansanm: **estabilite, abòdabilite, kalite, ak sekirite, ak vwazinaj.**
- Souvan moun k ap naviye sistèm sante konpòtmantal la pa gen kay pou rete oswa yo pa gen yon lojman fiks, sa ki fè li difisil pou trete pwoblèm sante yo.
- Moun ki sanzabri pandan lontan yo gen plis risk pou gen pwoblèm sante fizik ak mantal epi yo gen plis risk pou yo mouri tou.
- Identife bezwen pou 4,354 inite lojman sipòtif pèmanan pou moun ki sanzabri depi lontan, fanmi ki sanzabri, ak moun ki gen pwoblèm SUD ak sante mantal nan Eastern Massachusetts.
- Etid: apeprè \$11,000 ekonomi chak ane pou chak moun nan depans swen sante mantal apre adilt ki sanzabri depi lontan yo al viv nan lojman sipòtif.



# Rezulta sou bezwen sante yo ak evalyasyon sèvis yo

**LI T AP BENEFISYE MOUN KI RESEVWA SÈVIS NAN  
KANPIS LA AK NAN KOMINOTE AVWAZINANT YO  
SI YO AJOUTE ESPAS VÈT AK OUVÈ NAN KANPIS  
SHATTUCK LA EPI AMELYORE ENTEGRASYON AK  
ESPAS PIBLIK FRANKLIN NAN**


- Espas vèt ak ouvè yo bon sante mantal ak fizik.
- Minisipalite Vil Boston an ap envesti 28 milyon dola nan plas piblik Franklin pou fè amelyorasyon nan plizyè ane k ap vini yo epi devlope yon nouvo plan jeneral ki bay yon opòtinite pou entegre Kanpis Shattuck ak Plas Piblik Franklin nan pi byen.



# Rezulta sou bezwen lasante yo ak evalyasyon sèvis yo

LÈ YO AMELYORE KONEKSYON PYETON AK BISIKLÈT  
YO YO, SA PRAL BAY KONEKTE YO BEZWEN POU  
SOTI NAN MORTON STREET EPI ALE NAN  
ARBORWAY AK PLAS PIBLIK FRANKLIN NAN;  
KONSIDERE AKSÈ SAN DANJE AK TRANSPÒ PIBLIK.

- 34% rezidan Boston yo pa gen yon machin. 42% rezidan Boston yo vle amelyorasyon nan mwayen pou deplase ak espas ouvè nan vwazinay yo
- Lè gen koneksyon pyeton ak bisiklèt yo ak espas ki bwaze nan zòn sa a ak nan tout Boston, sa pral amelyore aksè nan espas ouvè yo, transpò ak travay, ankorage rekreyasyon aktif ak ede fè fas ak chanjman klimatik la pi byen.



# OPÒTINITE: pwofite sou byen kanpis la ak chanjman nan sistèm sante a pou abòde bezwen sante ki gen kounye a ak sa ki pral gen pi devan yo

- Aliyen pwogram ak sèvis yo avèk transfòmasyon nan sistèm sante a ak entegrasyon ogmante nan sektè diferan yo.
- Kontinye sèvi popilasyon ki deja ap resevwa sèvis nan Shattuck kounye a.
- Bay lojman sipòtif pèmanan pou abòde yon detèminan sante kritik.
- Bay yon anviwònman ki ankouraje gerizon kote gen aksè nan espas vèt ak ouvè, pi bon entegrasyon ak plas piblik Franklin nan ak pi bon konektivity ak kominate avwazinant yo.





## Vizyon

Vizyon nouvo Kanpis Shattuck la se pou kreye yon **kanpis ki inovatif epi ki santre sou moun** yo konsevwa yon fason pou **pwomouvwa sante, diminye baryè pou jwenn tretman ak entegre swen atravè sistèm swen sante, sante konpòtmantal ak lojman** yo nan yon anviwònman kanpis ki bay koneksyon ak **anviwònman natirèl la priyrite epi ki**



## Prensip Debaz yo

1. Entegre Kanpis Shattuck la ak plas piblik Franklin an
2. Amelyore aksè vwazinay yo ak opsyon nan transpò piblik, bisiklèt ak pyeton yo
3. Ogmante espas vèt ak ouvè
4. Aliyen ak objektif ak estrateji devlopman dirab lokal ak eta
5. Chèche patnè pou reyalize yon modèl pwogram/sèvis ki diminye baryè pou jwenn tretman, entegre swen nan ak atravè sistèm swen sante, sante konpòtmantal, ak lojman yo, epi ogmante kantite lojman ki disponib (ak yon minimòm 75 a 100 inite lojman sipòtif pèmanan).

**Commonwealth la pran angajman pou gen yon apwòch etap pa etap nan reyamenajman Kanpis la pou yo ka kontinye bay aksè nan sèvis ki deja egziste yo pandan deranjman an rete minim.**



# VÈSYON PRELIMINÈ Objektif Konsepsyon an

Pwent yo	Aksè	Pakin	Bilding	Peyizaj	Dirabilite
<ul style="list-style-type: none"> <li>Pwent mou yo.</li> <li>Okenn baryè.</li> <li>Amelyore koneksyon vizyèl ak fizik pou ale/soti nan plas piblik la.</li> <li>Kenbe vizibilite pwogram sou Morton St. La pou koneksyon kominotè.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Ogmante aksè bisiklèt / pyeton nan kanpis la.</li> <li>Amelyore lyen ak Forest Hills : mete yon wout yo ka itilize pou aktivite diferan</li> <li>Aksèsibilité invèsèl</li> <li>Aksè prensipal pou veyikil nan Morton St</li> <li>Amelyore estasyon bis yo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Diminye pakin sou sit la epi amelyore aksè nan transpò piblik.</li> <li>Pi piti teren ki entegre ak peyizaj la</li> <li>Konsidere bilding elve yo ak fòm teren ki deja egziste pou diminye enpak pakin nan.</li> <li>Itilize pakin nan lari a kote sa posib.</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Entegre ak sit la avèk espas ouvè a</li> <li>Konsidere 6 etaj maksimòm</li> <li>Bon kalite konsepsyon ak materyo</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konsidere prensip konsepsyon Olmsted yo</li> <li>Entegre ak plas piblik la avèk wout plas piblik la</li> <li>Bay espas ak jaden pou apiye rekiperasyon</li> <li>Bay koneksyon pou Morton Rock</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>Konsidere bagay ki renouvlab</li> <li>Objeksyon konsepsyon ak operasyon Net Zero</li> <li>Rekapte dlo lapli</li> </ul>



	<b>Demann pou enfòmasyon</b>	<b>Plan Kanpis Shattuck la</b>	<b>Demann pou pwopozisyon*</b>
<b>Objektif</b>	<p>Identifye patnè prive ak sous finansman potansyèl</p> <p>Mande enfòmasyon ak ide sou kalite pwogram/sèvis patnè yo ta renmen pote nan sit la</p> <p>Bay yon avi jeneral sou opòtinite nan sit Kanpis Shattuck la</p> <p>Enfòme devlopman yon demann pou pwopozisyon</p>	<p>Bay Commonwealth la al yon patnè prive paramèt/gid pwogramatik ak konsepsyèl konsènan posiblite pou fè reyamenajman sit la ;</p> <p>Enfòme devlopman yon demann pou pwopozisyon</p>	<p>Mande pwopozisyon nan men patnè prive pou devlope sit la ak bay sèvis ki soti nan rekòmandasyon ki detaye nan Plan an.</p>
<b>Eleman Kle yo</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Enfòmasyon Jeneral</li> <li>• Kontèks/Sitiyasyon Kounye a</li> <li>• Vizyon Commonwealth la</li> <li>• Prensip ak fason yo vle itilize li</li> <li>• Kesyon: estime enterè / kapasite patnè yo pou reyalize vizyon an ak lòt eleman pwogramatik yo</li> </ul>	<p>Vizyon tout moun ansanm</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Bezwèn pou sante ak sèvis</li> <li>• Pwosesis</li> <li>• Rekòmandasyon pou : <ul style="list-style-type: none"> <li>• Modèl pwogram ak sèvis</li> <li>• Prensip debaz yo</li> <li>• Objektif pou konsepsyón an</li> </ul> </li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Enfòmasyon Jeneral</li> <li>• Kontèks/Sitiyasyon Kounye a</li> <li>• Vizyon Commonwealth la</li> </ul> <p>Eleman pwopozisyon yo :</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Amenajman ki pwopoze, sèvis yo bay ak analiz pwojè konstriksyon an</li> <li>• Ekip konpayi ki fè pwopozisyon an, kalifikasyon yo, ak kapasite finansyè ak plan finansye</li> <li>• Avantaj pou eta a ak kominate a</li> <li>• Pwopozisyon</li> </ul>
<b>Kalandriye</b>	Pibliye nan mwa avril 2019 Repons me 2019	Dat final pou detèmine pita out/septanm 2019	<p>Pou detèmine pita: 2020</p> <p>Apre Komite Jesyon Byen an bay apwobasyon li</p>

\*Commonwealth la pral bezwen apwobasyon Komite Jesyon Byen an pou li kapab siven yon kontra alontèm ak Kanpis la fè yon pwosesis seleksyon pwomotè konpetitif

# Estasyon pou resevwa reyakson ak fasilitatè ki chanje

1. Vizyon pwogram ak sèvis
2. Pèspektiv Kominote a
3. Konektivite / transpò
4. Dirabilite/Enèji/Materyo Konstriksyon
5. Kalite Bilding/Relasyon ak Peyizaj la



Regwoupe epi rezime

Bay remèsiman epi sispann reyinyon an



**Se Commonwealth Massachusetts ki finanse  
Pwojè Planifikasyon Kanpis Shattuck la.**

**Executive Office of Health & Human Services (Biwo  
Egzekitif Sèvis Sante ak Sèvis Sosyal)**

- **Department of Mental Health (Depatman Sante Mantal)**
- **Department of Public Health (Depatman Sante Piblik)  
Division of Capital Asset Management &  
Maintenance (Divizyon Jesyon ak Antretyen Byen  
Imobilye)**



# Ekip konsiltasyon Health Resources In Action :

---

- **Health Resources in Action** (HRiA – Ekip responsab,
- Evalyasyon bezwen sante, pwoesisis, ak patisipasyon publik)
- **McCabe Enterprises** (planifikasyon, preparasyon modèl finansye)
- **Carol R Johnson Associates | IBI Group** (achitekti pou jaden)
- **Pare Corporation** (jeni sivil ak transpò )
- **Paul Lukez Architecture** (achitekti, vizualizasyon, amenajman iben)
- **Project Management & Cost** (estimasyon kou)
- **RSE Engineering** (konsiltan estriktirèl sou apèl)



Mèsi dèskè nou te vini !

Nou apresye patisipasyon nou ak

kontribisyon nou !